

## Apèsi Jeneral pou Paran

Lè dyagnostik di yon timoun gen yon pwoblèm nan kategori otis la (ASD), papa ak manman l kapab genyen plizyè kalite reyaksyon, tankou pa vle kwè, konfizyon, chagren, oubyen yo santi ka a twòp pou yo. Se yon bagay ki nòmal pou tout moun. Gen anpil papa ak manman ki konn mande "Kisa pou nou fè kounye a"? Menm si pa gen repons ki senp pou kesyon sa a, sa kapab yon soulajman pou w konnen plizyè pwogrè lasyans fè kounye a nan tretman timoun ki gen ASD. Se vre, pèsonn pa kapab konnen kisa ki pral rive yon timoun pi devan, kit gen dyagnostik ki di li gen maladi otis la, kit dyagnostik la pa di sa, yon timoun yo dyagnostike konsa jodi a gen plis chans pase timoun yo te dyagnostike konsa depi menm dizan.

Li pa posib pou konte kantite sous enfòmasyon ki genyen isit la oswa nan tout peyi a, ak tout sipò ki genyen pou fanmi kote gen yon timoun ki gen ASD, paske maladi sa a ap parèt pi plis nan tout peyi a – ak nan lòt peyi. Kèlkeswa sa ou aprann nan enfòmasyon ki nan dosye sa a, toujou sonje yon bagay: Ou pa poukont ou. Gen pwofesyonèl nan plizyè syans k ap travay anpil pou yo jwenn lakòz pwoblèm sa a, epi gen plis nouvo tretman ak resous pou fanmi tankou fanmi w la kounye a.

Premye etap enpòtan an, se konprann dyagnostik ASD a. Nan ASD genyen: Pwoblèm Otis, Pwoblèm Devlopman Jeneralize – Ki Pa Presize Lòt Jan (PDD-NOS), ak Sendwonm Asperger. Tout ASD yo se "pwoblèm devlopman jeneralize", sa ki vle di gen plizyè kalite jan pwoblèm nan devlopman moun lan. Se vre tout timoun ki gen ASD pa menm jan, paske chak gen pwoblèm nan komunikasyon ak nan relasyon ak lòt moun. Kominikasyon san pawòl kapab difisil, ni pou koumanse, ni pou entèprete. Gade moun nan je, montre sa l vle di nan espresyon figi l, ak fè jès ki vle di yon bagay, tankou lonje dwèt, kapab pa natirèl ni fasil pou timoun ki gen ASD. Yon timoun konsa kapab pran tan pou l aprann jwe, epi li ka pede fè menm jwèt la san rete epi ki ka parèt byen dwòl. Konpòtman ak sansibilite sansoryèl li kapab varye tou. Menm si gen timoun ki gen bon tanperaman ak karaktè ki fasil, kapab gen lòt ki gen tanperaman difisil, epi ki pa byen asepte chanjman ak kontraryete. Kòm pou chak timoun, kalite yo ak pwoblèm yo varye, chak timoun pral bezwen yon konbinezon diferan ki gen aksyon ak sèvis ki chwazi espesyalman dapre jan li kapab aprann ak dapre pèsonalite l.

### Espesyalis nan Resous pou Otis

#### Boston Medical Center Developmental and Behavioral Pediatrics

Shari King, 617-414-3666  
shari.king@bmc.org

#### Children's Hospital Boston Developmental Medicine Center

Lindsay Prichard, 617-355-6802  
Lindsay.Prichard@childrens.harvard.edu

#### Lopital Mobil pou Timoun Tufts Medical Center-Center pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal

Bernadette Murphy Bentley  
617-636-1305  
bbentley@tuftsmedicalcenter.org

#### Luire Family Autism Center Mass General Hospital for Children LADDERS

Julie O'Brien, 781-860-1726  
jlobrien20@partners.org

#### University of Massachusetts Medical School, Worcester

Kelly Hurley, 508-856-8781  
hurleyk@ummhc.org



Doktè yo ak pwofesyonèl sante yo sèvi avèk kategori oubyen mo ki diferan pou dekri timoun ki gen ASD yo. Yo ka idantifye pitit ou a tankou yon timoun ki genyen youn nan dyagnostik ki nonmen pi wo la yo – oubyen yo ka di li gen "pwoblèm otis", oubyen li gen karakteristik otis, oubyen li nan "kategori moun ki gen pwoblèm otis" la. Yo rele sa yon kategori paske chak timoun diferan nan konpetans ak kapasite pwoblèm lan afekte, ak nan gravite pwoblèm lan kay timoun lan.

Aprè yon doktè, yon sikològ, oswa yon lòt pwofesyonèl kalifye oswa yon ekip espesyalis evalye pitit ou a, ou pral resevwa yon esplikasyon sou dyagnostik la, ak yon rapò ekri ki gen rekòmandasyon pou pwogram ak tretman lakay timoun lan ak nan lekòl li. Ou menm, papa oubyen manman timoun lan, konnen ki kalite li genyen, ak ki pwoblèm avèk bezwen li konn genyen, pi byen pase nenpòt ki lòt moun. Se ou menm ki ekspè sou kesyon ki an rapò avèk pitit ou, kidonk ou se sèl moun ki pi enpòtan an nan ekip k ap trete pitit ou.

Sèvi avèk resous ki nan pake sa a – ansanm ak lòt sa ekip swen sante a pral esplike w ak ede w jwenn. Mande kesyon. Mande konsèy ak asistans. Kontakte Sant Sipò pou Pwoblèm Otis nan zòn ou ye a. Se yon ajans yo fonde espesyalman pou ede w ak ede fanmi w pou plizyè kesyon nou kapab genyen. Yo pral ede w jwenn enfòmasyon ou bezwen pou w kapab pran desizyon sou swen sante, edikasyon, opòtinite pou aktivite sosyal ak lwazi, ajans kominotè, òganizasyon, ak kote ou ka jwenn sèvis ak finansman. Anpil anplwaye nan Sant Sipò pou Pwoblèm Otis yo, se papa ak manman timoun ki gen pwoblèm otis tou. Yo ka konprann ou tout bon. Yo kontre menm pwoblèm avèk ou, epi yo aprann bon jan leson ki kapab fè w pa pèdi tan, ni fè twòp efò, ni jwenn twòp kontraryete. Yo vle ede ou menm ak pitit ou jwenn bon rezilta nan nenpòt kisa nou vle fè.

Kòm paran timoun lan, se oumenm ki konnen fòs li, pwoblèm li, ak bezwen li, pi byen pase pèsonn.



Finansman an soté nan Nancy Lurie Marks Family Foundation



## Kisa PDD ak ASD yo ye?


PDD [Pervasive Developmental Disorder], ki vle di Pwoblèm Devlopman Jeneralize, se yon mo ki sèvi pou dekri pwoblèm ki konn rive nan devlopman. Yo rele PDD yo "kategori" pwoblèm" paske chak timoun gen sentonm ki pa menmm gravite, ki kapab koumanse depi gravite fèb pou rive nan grav anpil. Men sèlman, tout timoun ki gen PDD, gen kèk pwoblèm ki gen yon degre gravite nan zòn sa yo:

**Kontak sosyal:** Tankou esplikasyon emosyon, konprann emosyon lòt moun, montre senpati oswa fè konvèsasyon

**Kominikasyon:** Ni pale, ni san pale, tankou lonje dwèt pou montre, fè jès, epi gade moun nan je

**Konpòtman oubyen enterè:** Tankou repete mo oubyen aksyon, jwe ak bagay yon jan ki pa òdinè (fè bagay yo vire takou toup, aliye jwèt) oswa ensiste pou suiv woutin oubyen orè ki rijid

Gen 5 kalite PDD: Pwoblèm Otis, Pwoblèm Devlopman Jeneralize – ki Pa Presize Lòt Jan (PDD-NOS) ak Sendwonm Asperger ak lòt pwoblèm ki pa rive souvan anpil: Sendwonm Rett ak Pwoblèm Dezentegrasyon kay Timoun (CDD).





### Pwoblèm nan Kategori Otis

Kòm ou ka wè nan dyagram lan, Pwoblèm Otis, Sendwonm Asperger ak PDD-NOS (ki konn rele otis atipik) antre nan kategori ki rele **Kategori Pwoblèm Otis la (ASD)**.

Sa ki karakterize **Pwoblèm Otis** oswa **Otis**, se difikilte nan touletwa aspè sa yo (kominikasyon, kontak sosyal ak konpòtman – tankou sa ki pi wo la a).

Sa ki karakterize **Sendwonm Asperger**, se lè timoun lan kapab pale ase byen, men li gen difikilte nan relasyon sosyal ak nan konvèsasyon. Yon timoun ki gen Sendwonm Asperger kapab genyen tou enterè ki fò anpil oubyen ki limite ak/oswa konpòtman difisil.

**PDD-NOS** dekri yon moun ki ranpli kèk, men pa tout nan kondisyon ki defini pwoblèm otis yo, oubyen ki gen sentonm ki pa grav nan youn oubyen nan tout aspè yo.

Espesyalis pitit ou a kapab sèvi avèk kèk mo ki yon ti jan diferan pou dekri ka pitit ou a. Men sèlman, menm si pwofesyonèl yo pa toujou sèvi avèk mo yo menm jan, yo dakò nòmalman pou di yon timoun antre nan dyagnostik jeneral ASD a.

### Pwoblèm Devlopman Jeneralize ki parèt mwen souvan

**Sendwonm Rett** la se yon pwoblèm devlopman ki koumanse avèk yon premye devlopman nòmal lè timoun lan piti, epi apre sa timoun lan vin pèdi nan kapasite mouvman l, espesyalman mouvman men l, ak mouvman men ki gen presizyon, tankou peze yon bagay, epi li pèdi nan sa li konn fè, epi li grandi mwen vit.

**Pwoblèm Dezentegrasyon kay Timoun** koumanse apre yon peryòd devlopman nòmal jiska laj 3 oubyen 4 an, epi apre sa, timoun lan gen yon lapèt grav nan kapasite kominikasyon, kontak sosyal, jwe, ak fè mouvman.





## Kouman yo Trete Pwoblèm Otis?

Yo koumanse plan tretman yo pi rekòmande pou timoun ki gen Pwoblèm nan Kategori Otis (ASD) yo pi bonè yo kapab apre dyagnostik la, epi yo pase plizyè èdtan ap travay pèsònèlman avèk timoun lan. Doktè oubyen espesyalis pitit ou a pral rekòmande plan ki pi bon pou pitit ou a, dapre bezwen timoun lan.

### Pou timoun ki gen mwens pase 3 an

Nan Massachusetts, **timoun** ki gen mwens pase 3 an ki gen ASD kalifye pou yo resevwa 2 seri sèvis nan Depatman Sante Piblik la.

Genyen **Sèvis Entèvansyon Prekòs (EI)**, ki fèt lakay timoun lan oswa nan kote yo okipe timoun lan; sèvis sa yo kapab genyen ladan yo terapi pou pale, terapi pwofesyonèl, terapi fizik, terapi mizik, avèk yon pwofesè oubyen yon espesyalis edikasyon, oubyen yon asistan sosyal, oubyen yon sikoterapis. Gen anpil ajans EI ki òganize gwoup pou jwe nan biwo yo oubyen nan kominote a yon fwa pa semenn oubyen pi souvan; yo bay transpò pou pitit ou a ka vinn nan gwoup la pou jwe. Ajans EI yo mete yon kowòdinatè tou pou sèvi chak fanmi, pou fasilite tout sèvis yo, tankou travay avèk founisè **Sèvis Espesyal** yo; nou bay esplikasyon sou sa pi ba la a.

**Sèvis Espesyal** yo, se yon pati enpòtan nan swen pou pitit ou; yo bay yo tou lakay ou oswa nan kote yo okipe pitit ou a. Founisè yo pral sèvi avèk yon metòd terapi yo rele "ABA" oswa "Floortime", oubyen avèk toulede ansanm (pral gen esplikasyon sou metòd sa yo pi ba la a). Ekspè yo rekòmande pou timoun ki gen ASD yo resevwa jiska 25 èdtan sèvis entansif chak semenn, dapre bezwen yo genyen. Founisè sèvis ABA/Floortime yo dwe travay men nan men avèk terapè EI yo.

### Pou timoun ki gen plis pase 3 an

Timoun ki gen 3 an oubyen plis, ki gen ASD, kalifye pou resevwa sèvis nan men Depatman Edikasyon nan distrik lekòl kote ou rete a. Pi souvan, se nan lekòl la yo fè sèvis yo, men yo kapab fè sèvis lakay moun lan tou. Kontakte depatman Edikasyon Espesyal nan distrik lekòl kote ou rete a, pou koumanse pwosesis la. Ou ka jwenn distrik lekòl la nan anyè telefòn lan, oubyen gade nan sit entènèt Depatman Edikasyon Massachusetts la, nan adrès <http://profiles.doe.mass.edu/districts.asp>

Si w rete nan yon lòt Eta, mande doktè pitit ou a kouman pou w kontakte resous nan kote ou ye a.



### Tout bon pwogram pou timoun ki gen ASD:

- Konsantre sou rapò sosyal ak fasilite kominikasyon.
- Sèvi avèk metòd ak estrateji ki ranfòse konpòtman pozitif.
- Tabli objektif epi evalye pwogrè yo regilyèman.
- Travay ak pitit ou dapre bezwen ak enterè pèsònèl li.
- Suiv kalandriye ak presizyon.
- Gen ase pwofesè pou yo kapab travay ak klas ki pa gen twòp elèv.
- *Fè fanmi an patisipe (nan pwogram tankou edikasyon pou paran ak pwogram lakay moun lan).*
- Travay pandan jounen konplè (5 èdtan), nan semenn konplè (5 jou pa semenn), ak pandan tout ane a (12 mwa).
- Pwofesè yo se anplwaye ki gen eksperyans ki fòme pou travay ak timoun ki gen ASD.
- Gen plan tranzisyon pou ede timoun yo janbe fasil nan nivo apre a.



Nan "ABA" ak nan "Floortime", ki se 2 nan metòd edikasyon total yo sèvi pi souvan pou timoun ki gen ASD yo, founisè yo travay etap apre etap avèk yon timoun pou aprann li pale avèk aji ak moun, ak jwe. Pifò nan pwofesè ak terapèst ki gen espèyans yo sèvi ak yon konbinezon ki mete ansanm metòd ABA a, ki estriktire anpil, avèk metòd Floortime la, ki baze plis sou dispozisyon sikolojik elèv la, sou jwèt, ak sou entèaksyon. Men yon deskripsyon jeneral pou chak metòd:

**Analiz Konpòtman Aplike (ABA)** sèvi pou bay elèv la nouvo konesans, ak pou elimine aktivite difisil yo; li separe aktivite yo an etap ki kout. Metòd sa a efikas espesyalman pou kapte atansyon timoun ki kapab difisil pou yo kominike avèk yo.

**DIR/Floortime (metòd ki baze sou Developman, Diferans Pèsonèl, ak Relasyon)** genyen ladan l woutin ki motive timoun anpil, dapre enterè timoun lan, epi li aprann elèv la relasyon sosyal, kominikasyon, ak jwèt; entèaksyon yo pwogresif nan kompleksite jwèt yo. Tankou nan lòt metòd ki menm jan yo, genyen Kominikasyon Sosyal, Kontwòl Emosyon ak Sipò nan Relasyon (SCERTS), Tretman ak Edikasyon Timoun ki gen Pwoblèm Otis ak Lòt Pwoblèm Kominikasyon menm jan (TEACCH), epi Entèvansyon pou Devlope Relasyon (RDI).

**Anplis metòd sa yo, pifò nan pwogram pou timoun ki gen ASD yo entegre zouti epesyal ladan yo, tankou:**

**Terapi pou pale**, ki ede yon timoun konprann ak di sa ki nan tèt li.

**Entèvansyon Kominikasyon Total**, ki sèvi avèk pawòl, vokalizasyon, pòtre ak jès, ansanm ak langaj siy, ak Sistèm Kominikasyon Twoke Pòtre (PECS) – kidonk prèske tout mwayen yon timoun kapab sèvi epi pral sèvi pou kominike.

**Terapi pwofesyonèl, terapi fizik, ak terapi entegrason sansoryèl**, ki konsantre sou mouvman yon timoun fè avèk men l oubyen dwèt li (motrisite fin), oswa ak gwo mis yo (motrisite global), ak sou bezwen sans li yo.

**Sipò pozitif pou konpòtman**, ki sèvi ak rekonpans pou bon konpòtman, pou bon repons, ak pou bon travay pou diminye move konpòtman timoun.

**Pwofesyonèl sante yo kapab sèvi avèk terapi sa yo tou:**

**Medikaman** - Pa gen medikaman espesyal pou ASD. Gen kèk medikaman ki kapab ede sentonm tankou ipèaktivite, anksyete, konpòtman repetitif, pwoblèm atansyon, oswa agresivite. Mande doktè w konsèy pou konnen si gen youn oubyen plizyè medikaman ki kapab bon pou pitit ou, ak si gen plis avantaj pase danje oubyen efè segondè yon medikaman kapab pote.

**Terapi byolojik**, ki genyen ladan l rejim espesyal oubyen limite, konpleman alimantè, ak vitamin. Pale ak doktè w pou konnen si yo jwenn metòd sa yo san danje epi efikas.

Adrès entènèt pou plis enfòmasyon

ABA – Applied Behavioral Analysis  
[www.rsaffran.tripod.com/what\\_isaba.html](http://www.rsaffran.tripod.com/what_isaba.html)

Floortime Therapeutic Approach  
[www.floortime.org](http://www.floortime.org)

SCERTS model – Social Communication, Emotional Regulation and Transactional Support  
[www.scerts.com](http://www.scerts.com)

TEACCH model – Treatment and Education of Autistic and Communication Handicapped Children  
[www.teacch.com](http://www.teacch.com)

RDI – Relationship Development Intervention  
[www.rdiconnect.com](http://www.rdiconnect.com)

Sensory Processing/Integration Disorder  
[www.sinetwork.org](http://www.sinetwork.org)

General information and research summaries of treatment options  
[www.asaonline.org](http://www.asaonline.org)



## Kouman Pitit mwen an ap fè Tranzisyon pou Lekòl li?

Menm si se pa tout timoun ki gen pwoblèm nan kategori otis la, ki pral nan lekòl piblik, gen anpil ki prale ladan. Anmezi sistèm lekòl piblik yo ap kontinye aprann plis sou edikasyon timoun ki gen ASD yo, epi mete timoun sa yo nan menm klas ak lòt timoun laj yo ki nòmal, pral gen plis ka konsa nan lekòl piblik yo. Tranzisyon pou soti nan Sèvis Entèvansyon Prekòs epi ale nan sistèm lekòl piblik la, se youn nan premye gwo tranzisyon pitit ou – ak ou menm pral fè. Menm si gen diferans ant distrik lekòl yo sou kilè ak kouman pou koumanse ak fini operasyon sa a, apès ki pi ba la a pral ba ou yon lide jeneral sou sa ki pral rive.

### Kisa Edikasyon Espesyal ye?

Li kapab plizyè kalite sèvis. Gen timoun k ap bezwen yo mete yo nan yon saldeklas espesyal. Genyen k ap bezwen plis asitans nan yon saldeklas òdinè. Genyen k ap bezwen lòt sèvis nan kategori sa a, tankou terapi pou pale, terapi pwofesyonèl, ABA ak gwoup pou kontak sosyal pou satisfè bezwen yo.

Kòm papa oswa manman timoun lan, se ou menm ki pi bon defansè dwa l. Legalman, ou gen dwa konnen epi yo oblije fè w konnen tout sèvis pitit ou ka jwenn. Plis ou aktif ak fè konnen sa w bezwen, plis ou pral jwenn rezilta.

### Kisa yon evalyasyon EKIP ye?

Pou koumanse sèvis edikasyon espesyal yo, ou dwe mande yon evalyasyon EKIP, ki konn rele yon "CORE". Yon evalyasyon EKIP, se yon seri evalyasyon ki pral ede sistèm lekòl piblik yo gade si pitit ou a genyen yon andikap ki mande edikasyon espesyal (kidonk, pwogram ak sèvis ki adapte pou edikasyon timoun ki gen andikap ak bezwen espesyal). Rezilta tèl yo pral defini kapasite timoun lan genyen, ak kote li bezwen yo ede l. Kalifikasyon pitit ou a pou edikasyon espesyal, ansanm ak pou planifye lòt pwogram pou pi ta, pral depann sou rezilta evalyasyon EKIP la. Sa ki pral vini nan seri enfòmasyon sa yo pral ede w konprann aktivite EKIP la, ansanm ak dwa w devan lalwa, ak kalandriye pou sèvis enpòtan yo.

Pou koumanse yon sèvis edikasyon espesyal, ou ta dwe mande yon evalyasyon EKIP, ki konn rele yon "CORE."

### Konsèy Jeneral

- Kenbe kominikasyon nan 2 sans avèk elèv pitit ou ak sistèm lekòl la.
- Kenbe nòt sou kontak ou fè avèk lekòl la.
- Lè gen yon demann ou fè nan bouch, ekri l.
- Konekte ak yon òganizasyon paran ki bay fòmasyon gratis ak sipò pou papa ak manman ki gen timoun avèk bezwen espesyal (gade nan seksyon pou Sipò Kominotè a pou enfòmasyon sou kontak yo).



## Pou Konprann Pwosesis la

Li enpòtan anpil pou w konprann kisa k ap rive pandan tout pwosesis la. Konsèy pi ba la yo kapab ede w.

1. Mande kesyon. Lè gen yon bagay ou pa konprann nan yon reyinyon, mande yon moun esplike w li pi byen.
2. Fè preparasyon anvan ou ale nan reyinyon oswa anvan ou telefone pou zafè pitit ou. Gade enfòmasyon yo pral pale yo, epi ekri tout kesyon ou kwè yo pral abòde yo.
3. Chache tout enfòmasyon ou ka jwenn sou pwosesis la ak sou dwa w. Kontakte Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo nan nimewo 1-800-331-0688 oswa ale nan sit entènèt li nan adrès <http://www.fcsn.org>
4. Pran kontak avèk moun ki ede defann dwa timoun. Reprezantan pwofesyonèl yo ka ede w fè konnen sa ou vle di.

Depatman Edikasyon an kapab nonmen yon **konseye pou edikasyon** pou pale pou yon timoun lè papa oswa manman l pa la, oubyen si paran yo pa gen dwa pran desizyon.

Tout moun ka jwenn yon **konseye endepandan prive**, men si yon fanmi touche plis pase 400 pousan nivo gouvènman federal tabli pou moun pòv la (anviwon \$68,000 pou yon ane, pou yon fanmi 4 moun), yo ka fè fanmi sa a peye pou sèvis yo. Biwo Apèl nan zafè Edikasyon Espesyal la (BSEA) bay yon lis sèvis konseye ak avoka gratis oubyen ki pa mande anpil lajan, si yon moun mande l (rele nan nimewo 781-388-6400).

5. Patisipe nan gwoup paran timoun. Lòt paran yo se yon bon resous, paske y ap fè oubyen yo deja fè eksperyans ki menm jan oswa ki sanble sikonstans ou ye a anpil. Men 3 resous prensipal pou paran yo:
  - MASSPAC ([www.masspac.org](http://www.masspac.org)) oswa <http://www.concordspedpac.org> pou jwenn nimewo pou Komite Konseye Paran [Parent Advisory Council] nan kote ou ye a.
  - Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal [Federation for Children with Special Needs] ([www.fcsn.org](http://www.fcsn.org))
  - Sant pou Paran nan Zòn lekòl piblik Boston [Zone Parent Centers]
6. Fè doktè prensipal pitit ou a konnen. Doktè prensipal pitit ou a pral kapab ede w pi byen si l konnen pitit ou ap resevwa evalyasyon EKIP. Li enpòtan pou doktè a konnen aktivite w ap mennen yo, ak ki sèvis pitit ou ap resevwa kòm rezilta aktivite sa yo.



Lòt paran yo, se yon bon resous paske y ap fè oubyen yo deja fè eksperyans ki menm jan oswa ki sanble sikonstans ou ye a anpil.

## Li Enpòtan pou w Sonje Enfòmasyon sa yo

- Evalyasyon EKIP la ak sèvis pitit ou ka resevwa yo gratis nèt.
- Tout timoun ki nan lekòl piblik (kèlkeswa pozisyon yo devan sèvis imigrasyon) kapab mande yon evalyasyon EKIP.





Pou kesyon dirèk sou tranzisyon, kontakte Claire Brady, ki se yon Espesyalis nan Sipò pou Fanmi nan Depatman Edikasyon. Nimewo telefòn: 617-988-7811; adrès elektwonik: [claire.brady@massmail.state.ma.us](mailto:claire.brady@massmail.state.ma.us)



## Etap Kwonolojik nan Tranzisyon pou Lekòl pou Paran

### Rekòmandasyon

Moun k ap okipe timoun oubyen pwofesyonèl ki entere nan devlopman timoun lan mande pou yon evalyasyon EKIP.

Fòmilè konsantman paran an siyen epi retounen bay lekòl la.

Dwe fin fèt anvan 30 jou lekòl pase apre konsantman an siyen

### Evalyasyon

Tès ak evalyasyon

Reyinyon Ekip

Rezime ekri sou evalyasyon yo fin fèt (pou paran yo kapab jwenn li 2 jou anvan dat yo mande pou reyinyon ekip la fèt)

Dwe fèt anvan 45 jou lekòl pase apre konsantman an siyen

Plan Edikasyon Pèsonèl (IEP)

Yo voye IEP a bay paran yo anvan 55 jou lekòl pase apre konsantman an siyen

### Desizyon

Akize resepsyon pou IEP a

Jwenn sèvis

Apèl

Paran yo retounen IEP a bay lekòl la anvan 30 jou fran



## Kisa ki genyen nan Resous Kominotè Fanmi yo ka jwenn?

Men yon lis resous pou timoun ki gen pwoblèm nan kategori otis ak pou fanmi yo. Chak nan kote sa yo ofri plizyè kalite sipò, epi li kapab poze kondisyon espesyal pou yon moun kalifye, kidonk li enpòtan pou w kontakte yo dirèk.

### Resous pou Fanmi Ayisyen

**Haitian American Public Health Initiatives, Inc. (HAPHI):** Misyon HAPHI, se pou pran aksyon ki ede sante ak byennèt moun nan kominote Ayisyen nan rejyon Boston an; pou rive fè sa, li sèvi avèk edikasyon ak prevansyon, konseye legal, pwogram enfòmasyon, ak sèvis. 10 Fairway Street, Mattapan, MA 02126. 617-298-8076. <http://www.haphi.org>

**Haitian Health Institute (HHI):** Misyon Haitian Health Institute, se analize bezwen ki pa satisfè, idantifye sa ki manke nan sèvis yo, epi evalye pwogram ki la yo, pou gade si yo efikas ak si yo sèvi vre nan kominote Ayisyen nan Massachusetts la. Biwo li yo nan Sant Medikal Boston an [Boston Medical Center]. 617-414-7702. <http://www.bmc.org/program/haiti>

**Haitian Mental Health Unit, Cambridge Hospital:** Misyon Haitian Mental Health Unit, se fè sèvis sikolojik ak sikyatrik ki respekte kilti moun epi ki sèvi avèk lang moun ki nan kominote Ayisyen nan Massachusetts, kit yo kapab peye, kit yo pa kapab. Nan pami aktivite yo, genyen asistans nan kriz sikyatrik ak tretman pou granmoun, timoun, mari ak madanm, fanmi, ak gwoup moun. 26 Central Street 3rd Floor, Somerville, MA 02143. 617-498-1157.

**Haitian Multi-Service Center (HMSC):** Misyon HMSC, se pare ak ede imigran nan efò y ap fè pou rive jwenn otonomi sosyal ak ekonomik nan Etazini. Gen aktivite tankou okipe timoun pandan lajounen, edikasyon, sante pou granmoun ak timoun, sipò nan ka ijans, sèvis imigrasyon, konsèy sou VIH/SIDA, administrasyon dosye, ak sipò, defans dwa moun, epi kowòdinasyon sèvis. 12 Bicknell Street, Dorchester, MA 02121. 617-436-2848. <http://www.ccab.org/locations/metro-boston/haitian-multi-service>



**Mass. Community Health Services (MCHS):** 1106 Main Street Suite 109, Brockton, MA 02301. 508-427-6671. <http://www.masscommunityhealth.org>



**Massachusetts Advocates for Children (MAC): Sipò legal pou timoun ki nan pwogram edikasyon espesyal;** pou papa ak manman timoun Ayisyen ki gen Pwoblèm nan Kategori Otis la (ki vle di tou, timoun ki gen Sendwonm Asperger). Rele Kerylne Pacombe-Jones nan nimewo 617-791-2624 oswa voye yon mesaj elektwonik nan adrès kerlyne.pacombe-jones@perkins.org oubyen rele MAC nan nimewo 617-357-8431, ekstansyon 233. [http://www.massadvocates.org/autism\\_project](http://www.massadvocates.org/autism_project)

**Somerville Haitian Coalition:** Pwogram sa a respekte kilti moun, epi li ede Ayisyen k ap chache natiralize oubyen anrejistre pou vote, epi li ede jwenn resous ak rekòmandasyon pou kontre ak lòt Ayisyen nan zòn lan. 1 Davis Square Room 25LL, Somerville, MA 02144. 617-629-0799. <http://www.haitian-coalition.org>

<http://www.umcard.org/creole%20fact%20sheets.pdf>

## Resous pou Moun ki gen Pwoblèm Otis

**Kote ki pi enpòtan pou w kontakte an premye a, se Sant Sipò pou Pwoblèm Otis nan zòn ou ye a.** Kounye a nan Massachusetts, gen 8 sant sipò ki nan tout Eta a, ki ofri sipò, resous, enfòmasyon pou kontak, fòmasyon ak atelye pou paran, pwogram espesyalize pou timoun, pou jennjan ak pou demwazèl san fè peye (gade nan kare ki sou kote a pou wè adrès ak enfòmasyon pou kontakte yo). Sant sa yo genyen anplwaye ki gen pwòp pitit yo avèk ASD, epi yo la pou esplike ki sèvis pitit ou ak fanmi l ka jwenn. Rele pou bay non w ak non pitit ou, epi mande pou yo mete non w sou lis moun yo kontakte pa lapòs yo; di yo ou ta vle enskri ["intake"] pou sèvis. Anpil nan sant sa yo gen gwoup pou sipò tou, epi yo òganize seyans enfòmasyon ki ka itil anpil pou fanmi yo.

Anplwaye nan sant sipò yo kapab esplike tou avantaj ki genyen lè w fè aplikasyon pou finansman gouvènman bay ak pou asistans nan Depatman pou Moun ki Gen Reta Mantal (DMR) nan Massachusetts la. Nan Massachusetts, DMR se yon ajans ki bay anpil kalite sèvis ak sipò pou timoun ki poko gen 18 an, epi ki gen pwoblèm otis oubyen lòt pwoblèm. Kounye a, gen 2 kalite sèvis ou ka fè aplikasyon pou yo nan DMR si pitit ou gen ASD:

1) Pwogram DMR pou “**Autism Spectrum Division**” sèlman, ki vle di yo dyagnostike pitit ou gen yon pwoblèm nan kategori otis la. Pifò timoun ki kalifye pou sèvis sa yo pa bezwen gen pwoblèm reta mantal, ni reta nan devlopman yo anjeneral, ni pwoblèm grav pou yo viv, kidonk yo pa kalifye pou sipò pou fanmi yo. Dapre pwogram sa a, ou menm ak pitit ou pral kapab patisipe nan pwogram rekreyasyon nan kominote a, nan pwogram sosyal, ak nan pwogram terapi Sant Sipò pou Pwoblèm Otis yo kowòdone.

### Sant Sipò pou Pwoblèm Otis:

TILL AND BOSTON FAMILIES FOR AUTISM . Dedham. Li sèvi tout rejyon Boston. an 781-302-4835.

[www.tillinc.org/autismservicesprovided.htm](http://www.tillinc.org/autismservicesprovided.htm)

AUTISM RESOURCE CENTER.

West Boylston. Sèvi: zòn Worcester, ak North Central and South Valley 508-835-4278. [www.arcem.org](http://www.arcem.org)

AUTISM SUPPORT CENTER, North Shore ARC, Danvers.

LI SEVI: rejyon Nodès la. 978-777-9135, ekstansyon 2301 or 2302. [www2.shore.net/~nsarc/index.htm](http://www2.shore.net/~nsarc/index.htm)

THE FAMILY AUTISM CENTER, Westwood. Serves: Norfolk County. 781-762-4001, ekstansyon 310 [www.sncarc.org/FAC.htm](http://www.sncarc.org/FAC.htm)

AUTISM ALLIANCE OF METROWEST, Natick. Serves: Metrowest, Middlesex West. 508-652-9900. [www.autismalliance.org](http://www.autismalliance.org)

COMMUNITY AUTISM RESOURCES "CAR," Swansea. Li sèvi: rejyon Sidès la, Cape Cod & Islands. 508-379-0371. [www.community-autism-resources.com](http://www.community-autism-resources.com)

COMMUNITY RESOURCES FOR PEOPLE WITH AUTISM, Easthampton. Sevi: zòn Wès la. 413-529-2428 [www.communityresourcesforautism.org](http://www.communityresourcesforautism.org)

Sonje tou, ou kapab kontakte sant sipò ak enfòmasyon pi ba la a, ki se yon pwogram paran yo administre, epi ki mache ak finansman prive.

AUTISM CENTER OF THE SOUTH SHORE/ACSS, Weymouth: Bay sipò ak resous pou fanmi ki rete nan zòn kòt la ak nan South Shore. (Kounye a li p ap resevwa finansman nan men Divizyon Otis DMR la.) 800-482-5788 [www.autismsouthshore.org](http://www.autismsouthshore.org)



Fanmi w pa pral peye anyen oubyen l ap peye yon ti lajan sèlman nan pwogram sa yo. Sonje tou, chak sant ranmase pwòp lajan l pou l kapab kowòdone lòt pwogram ki pa fè moun peye pou patisipe.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram DMR pou "Autism Spectrum Division" an, rele Cariann Harsh nan nimewo 617-624-7769 oswa voye yon mesaj elektwonik nan adrès [Cariann.Harsh@state.ma.us](mailto:Cariann.Harsh@state.ma.us)

## 2) Pwogram “Dual Eligibility” [Doubl Kalifikasyon] nan Sèvis Sipò pou

**Fanmi/Kowòdinasyon Sèvis la**, se pou timoun ki gen pwoblèm nan kategori otis la, oubyen reta mantal, reta nan devlopman anjeneral, oswa pwoblèm pou konpòtman nan omwen 3 zòn: okipe tèt yo, kominike ak lòt moun, aprann, depasman, konprann sa pou l fè, epi (pou timoun ki gen 14 an oubyen plis) kapasite pou yo viv yon jan endepandan ak pou jwenn mwayen ekonomik pou okipe tèt yo. Gen yon ekip DMR ki pral gade dokiman pitit ou a, epi si l kalifye ekip la pral chwazi yon kowòdinatè sèvis nan biwo DMR pi pre kote ou rete a pou travay ak fanmi w. Nan pwogram sa a, fanmi w ka resevwa chak ane sipò pou yon peryòd repo/fon varyab pou sipòte fanmi oswa lòt kalite sipò dapre sa ou bezwen, ak kote ou rete a.

Pou enfòmasyon sou direktiv kalifikasyon DMR yo ak pou telechaje fòmilè aplikasyon ki gen yon sèl paj la, ale nan adrès entènèt <http://www.mass.gov/DMR> oswa rele nan nimewo 888-DMR-4435. Ekri enfòmasyon yo mande nan fòmilè aplikasyon an, epi voye l bay kowòdinatè nan Biwo pou Kalifikasyon nan zòn ou an (ou ka jwenn li nan sit entènèt la kote ki ekri “find a DMR office” la). Y ap rele w pou vin nan yon chita pale, kote yo pral mande w bay enfòmasyon sou dyagnostik la ak dokiman jistifikatif (tankou rapò yon pedyat ki espesyalize nan devlopman oswa yon sikològ IEP).

**Advocates for Autism-Massachusetts (AFAM):** Se yon gwoup konseye paran finanse ak dirije, pou ede moun konprann pwoblèm ki nan kategori otis, ansanm ak lwa ki genyen kounye a oubyen lwa yo pral pase nan Massachusetts. 781-891-6270. <http://www.afamaction.org>.

**Asperger’s Association of New England (AANE):** Se yon resous ak yon sant sipò ki gen tout sèvis, pou ede moun nan zòn Boston ak New England yo, ansanm ak fanmi yo, nan zafè Sendwonm Asperger (granmoun, jennjan ak demwazèl, epi timoun). Li gen yon bon sit entènèt ki bay enfòmasyon, lis gwoup sipò, sibvansyon pou fanmi, pwogram espesyalize, liv, atik, konferans, fòmasyon, ak lòt bagay ankò. Nan pami anplwaye yo, genyen ki fè sèvis kowòdinasyon pou granmoun, pou jennjan ak demwazèl, epi pou timoun. 85 Main Street, Suite 101, Watertown, MA 02472. 617-393-3824. [www.aane.org](http://www.aane.org)

### Men kèk nan sèvis yo ofri nan Sant Sipò pou Pwoblèm Otis la:

Enfòmasyon ak Rekòmandasyon

Bibliyotèk ki Prete Liv

Gwoup ki Sipòte Paran

Atelye pou Frè ak Sè

Fòmasyon ak Konsiltasyon

Seri Oratè

Jimnaz Pòt Louvri, ak Seyans Natasyon

Aktivite pou Fanmi

Lis Kan yo

Lèt Nouvèl

Pwogram Vakans Lekòl





**Autism Special Education Legal Support Center at Massachusetts Advocates for Children:** Nan nimewo telefòn pou konsèy legal pou moun ki gen pwoblèm otis la, ou ka resevwa asistans teknik gratis, ak repons pou kesyon sou dwa pitit ou ki gen pwoblèm otis. Boston. 617-357-8431. [http://www.massadvocates.org/autism\\_project](http://www.massadvocates.org/autism_project)

**The Doug Flutie Junior Foundation For Autism:** Li sansibilize piblik la, ak sipòte fanmi ak òganizasyon yo avèk finansman. Li fè pwogram edikasyon, epi li bay resous ak koneksyon sou kesyon pwoblèm otis. 508-270-8855 or 866-3AUTISM.  
[www.dougflutiejrfdoundation.org](http://www.dougflutiejrfdoundation.org)



## Resous nan Massachusetts pou Moun Andikape

**ARC of Massachusetts:** Se yon resous ki nan tout Eta a, pou konseye ak sipòte moun ki gen andikap mantal oubyen pwoblèm nan devlopman yo, tankou pwoblèm otis, nan 22 sikisal ARC yo. 781-891-6270. [www.arcmass.org](http://www.arcmass.org)

**Department of Public Health / Family and Community Health Office:** 617-624-6060 oswa 866-627-7968. <http://www.mass.gov/dph/>  
Espesyalis nan sèvis pou piblik la: Gail Havelick 800-882-1435 oswa 617-624-5961.

**Early Intervention and Specialty Service Providers:** Pou enfòmasyon sou sèvis pou timoun ki poko gen 3 an, nan Massachusetts, ale nan adrès entènèt <http://www.mass.gov> epi tape "Early Intervention" nan ti kare ki rele "Search" la, oubyen rele nimewo 800-905-8437. (Genyen tou yon lis founisè pou sèvis Entèvanasyon Prekòs [Early Intervention] nan adrès entènèt <http://www.massfamilyties.org>)

Pou enfòmasyon sou sèvis espesyal tankou ABA oswa Floortime, rele Tracy Osbahr, kowòdinatè pou sèvis Entèvanasyon Prekòs entansif, nan nimewo 413-586-7525.

**Family Ties of Massachusetts:** Se yon pwogram enfòmasyon nan tout Eta a, pou sipòte paran avèk paran, pou fanmi timoun ki gen bezwen espesyal ak maladi kwonik. Li bay yon anyè ki gen tout kalite resous. 800-905-TIES (8437) oswa 617-541-2875.  
<http://www.massfamilyties.org>

**Massachusetts Parent Information & Resource Center (PIRC):** PIRC, ki resevwa finansman nan Depatman Edikasyon Etazini, aprann papa ak manman yo kouman pou yo fè patnè avèk lekòl yo pou ede pitit yo. Li òganize atelye epi li bay lis pou resous. 617-236-7210. [www.pplace.org](http://www.pplace.org)



**MassHealth:** Pwogram asirans prensipal oubyen sipleman. Pri a depann sou konbyen lajan ou touche. Rele epi di ou gen yon pitit ki andikape, epi ou vle ranpli sipleman pou moun andikape a. 800-841-2900. <http://www.state.ma.us/dma>

- **Pwogram Personal Care Assistant (PCA):** 800-924-7570 oswa 508-880-7577. <http://www.masscp.org> Pitit ou a pral bezwen kalifye pou MassHealth.

**Parent/Professional Advocacy League (PPAL):** Se yon sèvis ki nan tout Eta a, epi ki sipòte òganizasyon paran, pou timoun ki gen bezwen afektif, oswa pou pwoblèm nan konpòtman yo, oswa pou sante mantal yo. 617-542-7860 oswa 866-815-8122, nan Boston. 508-767-9725, nan Worcester.

**Special Health Needs Community Support Line: Anba direksyon Massachusetts Office of Health and Human Services; nimewo telefòn pou sipò a bay enfòmasyon, asistans, ak rekòmandasyon pou fanmi ki gen pitit avèk bezwen espesyal pou sante yo.** 800-882-1435.

## Resous pou Edikasyon Espesyal

**Children's Law Center of Massachusetts:** Li fè sèvis legal pou timoun nan fanmi ki pa gen ase lajan, epi li bay enfòmasyon ak fòmasyon pou papa ak manman yo. 781-581-1977. <http://www.clcm.org>

**The Disability Law Center:** Li ofri konsèy legal pou timoun ki gen andikap; li konn pran ka san fè peye tou. Boston, 617-723-8455 oswa 800-872-9992. Western Massachusetts, 413-584-6337 oswa 800-222-5619. <http://www.dlc-ma.org>

**Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal:** Dènye lwa gouvènman federal ak Eta a sou edikasyon espesyal, ansanm ak konsèy, enfòmasyon epi kontak avèk konseye, devlopman IEP ak resous ki an rapò avèk IEP, gid pou enfòmasyon paran, epi atelye nan tout Eta a pou paran.

Biwo nan Boston 617-236-7210. Biwo nan Western Massachusetts 413-323-0681. <http://www.fcsn.org>

**Massachusetts Department of Education, Special Education:** Se sit entènèt ofisyèl pou paran timoun ki ant 3 ak 22 an, ki kalifye pou edikasyon espesyal. Li bay enfòmasyon sou règleman federal ak nan Eta a, ansanm ak enfòmasyon sou IPE ak dwa paran, epi yon liv sou pwoteksyon règlemantè pou w travay avèk depatman edikasyon espesyal nan distrik ou. 781-338-3000. <http://www.doe.mass.edu/sped>

- **Kontwòl Kalite nan Pwogram:** Rele yo si w gen pwoblèm oubyen kesyon sou plan edikasyon pou pitit ou, epi mande pale ak moun ki responsab pou kontak nan vilaj ou oswa vil ou ye a. 781-338-3700.

Kèk sit entènèt ak telechajman ki kapab itil:

Depatman Edikasyon  
Massachusetts/Edikasyon Espesyal  
/Enfòmasyon pou Paran:  
<http://www.doe.mass.edu/sped/parents.html>

Gid pou Paran pou Edikasyon Espesyal  
<http://www.fcsn.org/parentguide/pgintro.html>



- **Sipò pou Tranzisyon (Entèvansyon Prekòs nan Lekòl Piblik):** Pou kesyon dirèk, pale ak Claire Brady, Espesyalis nan Sipò pou Fanmi, nan nimewo 617-988-7811. Oswa voye yon mesaj elektwonik bay [claire.brady@massmail.state.ma.us](mailto:claire.brady@massmail.state.ma.us)

**Parent Advisory Council (PAC):** Yon PAC se yon gwoup paran ki nan vil/vilaj ou, ki gen pitit k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan distrik lekòl la. Yo gen enfòmasyon sou sèvis nan kote ou rete a, epi yo òganize atelye ak ofri opòtinite pou fè kontak avèk lòt paran. Pou konnen ki PAC ki nan distrik lekòl ou, mande biwo edikasyon espesyal la nimewo a, oubyen ale nan adrès entènèt <http://www.concordspedpac.org/Pacs-in-Mass.html>. Ale nan sit entènèt Corcord la tou, pou plis detay sou edikasyon espesyal.

- **Massachusetts Association of Parent Advisory Councils (MassPAC),** se prensipal òganizasyon pou PAC nan Massachusetts. Li bay yon lis ki gen tout kalite resous. <http://www.masspac.org>

**Special Needs Advocacy Network:** Li bay yon lis konseye pou edikasyon espesyal. Li òganize atelye tou. 508-655-7999. <http://www.spanmass.org>

**Urban PRIDE:** Pou fanmi moun andikape **ki rete nan vil Boston.** Se yon resous ki gen atelye, sipò pou paran, ak konseye. 617-338-4508. <http://www.urbanpride.org>

**Wrights Law:** Lwa sou edikasyon espesyal ak enfòmasyon pou jwenn konseye. <http://www.wrightslaw.com>



## Resous nan New England

**New England INDEX:** Se yon lis ki gen tout resous ou ka jwenn pou moun andikape. 800-642-0249. <http://www.disabilityinfo.org>

### **Connecticut:**

**Autism Society of America (sikisal nan Connecticut):** 888-453-4975.  
[www.autismsocietyofct.org](http://www.autismsocietyofct.org)

**Connecticut Families For Effective Autism Treatment:** 860-571-3888.  
[www.ctfeat.org](http://www.ctfeat.org)

**Connecticut State Department of Education:** 860-713-6543. [www.sde.ct.gov](http://www.sde.ct.gov)





### ***New Hampshire:***

**Autism Society of America (sikisal nan New Hampshire):** Li ofri sipò pou edikasyon ak resous pou paran yo. Concord. 603-679-2424, [www.nhautism.com](http://www.nhautism.com)

**The Birchtree Center:** Se yon òganizasyon ki pa travay pou benefis, ki fè sèvis edikasyon espesyal pou timoun ak jenn moun ki gen pwoblèm otis. Portsmouth. 603-433-4192. [www.birchtreecenter.org](http://www.birchtreecenter.org)

**Department of Education:** 603-271-3494.  
[www.ed.state.nh.us/education/disabilities/index.htm](http://www.ed.state.nh.us/education/disabilities/index.htm)

**Easter Seals of New Hampshire:** Li ofri pwogram sipò pou pwoblèm otis, epi enfòmasyon ak sèvis pou jenn moun ak fanmi ki gen bezwen sou kesyon devlopman ak konpòtman.

Dover. 603-740-3534; Raymond. 603-895-1522. [www.eastersealsnh.org](http://www.eastersealsnh.org)

**Jacob's Bridge Through Autism:** Se papa ak manman timoun ki fonde sèvis sa a. Li gen yon lis resous lokal ak nasyonal yo. Plymouth: [www.jbtautism.org](http://www.jbtautism.org)

**New Hampshire Connections:** Se yon òganizasyon ki pa travay pou benefis, ki ranfòse ak agrandi relasyon ant fanmi ak lekòl ak kominote a, pou amelyore edikasyon pou timoun ki gen andikap. 603-224-7005. [www.nhconnections.org](http://www.nhconnections.org)

**Parent Information Center:** Enfòmasyon sou lwa pou edikasyon espesyal ak pou jwenn konsèy nan New Hampshire. 603-224-7005. [www.parentinformationcenter.org](http://www.parentinformationcenter.org)

**Southeastern Regional Education Service Center:** Pwogram sipò pou edikasyon ak konpòtman, epi sèvis pou fanmi ak lekòl. Li gen sèvis espesyal pou pwoblèm otis. Bedford. 603-206-6800. <http://www.seresc.net>

### ***Maine:***

**Autism Society of America (sikisal nan Maine):** 800-273-5200. [www.asmonline.org](http://www.asmonline.org)

**Children's Behavioral Health Services (Department of Health & Human Services):** (207) 287-5060. [www.maine.gov/dhhs/CBHS](http://www.maine.gov/dhhs/CBHS)

**Department of Education:** <http://www.maine.gov/education/speced/index.htm>

**Developmental Disabilities Council of Maine:** 800-244-3990 oswa 207-287-4213.  
<http://www.maineddc.org>





### **Rhode Island:**

**Autism Project of Rhode Island:** Sipò pou fanmi, resous, ak edikasyon.  
401-785-2666. [www.theautismproject.org](http://www.theautismproject.org)

**Autism Society of America (sikisal nan Rhode Island):** 401-595-3241.  
<http://asa-ri.org>

**Department of Education:** 401-222-8999.  
[http://www.ride.ri.gov/Special\\_Populations/default.aspx](http://www.ride.ri.gov/Special_Populations/default.aspx)

**Families for Effective Autism Treatment of Rhode Island:** 401-886-5015.  
[www.featri.org](http://www.featri.org)

### **Vermont:**

**Autism Society of America (sikisal nan Vermont):** 800-559-7398.  
[www.autism-info.org/](http://www.autism-info.org/)

**Department of Education:** Pou enfòmasyon jeneral, 802-828-3130. Pou enfòmasyon dirèk sou yon timoun, rele nan nimewo 802-828-5114.  
[http://education.vermont.gov/new/html/pgm\\_sped.html](http://education.vermont.gov/new/html/pgm_sped.html)



## **Resous Nasyonal**

**American Academy of Pediatrics:** <http://www.aap.org/healthtopics/autism.cfm>

**Autism, Asperger's and Pervasive Developmental Disorders:** Li ofri tout kalite enfòmasyon, ansanm ak edikasyon, atik, ak lis evenman. [www.autism-help.org](http://www.autism-help.org)

**Autism Society of America:** Se pi ansyen gwoup ki defann dwa papa ak manman. Li ofri anpil resous. Konferans chak ane. Sikisal nan Eta a. [www.autism-society.org](http://www.autism-society.org)

**Autism Speaks:** Li finanse rechèch global sou lakòz, prevansyon, tretman, ak remèd pou pwoblèm otis; li sansibilize piblik la sou kesyon pwoblèm otis, ak sou jan pwoblèm sa a aji sou moun, sou fanmi, ak sou sosyete a. [www.autismspeaks.org](http://www.autismspeaks.org)

**WrightsLaw Yellow Pages for Kids with Disabilities:** Se yon lis ki montre tout resous yo, nan chak Eta, pou timoun ki gen tout kalite andikap.  
[www.yellowpagesforkids.com](http://www.yellowpagesforkids.com)